

## **BAB I**

### **BUBUKA**

#### **1.1 Kasang Tukang Masalah**

Dina prosés komunikasi, panyatur atawa pamiarsa bisa ngedalkeun waé anu di rasa, boh rasa gumbira, nalangsa, atawa ambek ka jalma anu di ajak nyarita atawa nu dicaritakeun. Kedalna rasa, pikiran, jeung kahayang dina sistem sora waktu campur gaul disebut adegan eusi basa (*deep structure*). Ari kedaling pragmatik téh nyaéta wangun omongan atawa caritaan anu kedal dina wangun lisan.

Hal anu dikomunikasikeun ku pangirim ka panampa omongan dina wangun kalimah. Nurutkeun Ramlan (Lindawati, 2015 kc. 3) nétilakeun yén kalimah nyaéta kontruksi gramatikal nu diwatesan ku randegan panjang tur miboga lentong pamungkas turun atawa naék. Pamadegan ieu luyu jeung (Sudaryat, spk, 2013, kc. 183) nétilakeun kalimah nyaéta kontruksi gramatikal maksimal, mangrupa bagian pangleutikna, ngandung pikiran anu lengkep tina hiji wacara, diwatesan ku randegan panjang tur miboga lentong pamungkas turun atawa naék, nu rélatif éta kontruksi téh bisa mandeg mandiri.

Disawang tina pamakéanana, basa bisa dipaké dina wangun faksi (karya sastra) jeung non faksi. Wangun dina karya sastra téh rupa-rupa, di antarana nyaéta prosa. Prosa mangrupa basa karangan anu rakitanana jiga basa sapopoé, tanpa ngolah wirahma atawa ngatur intonasi anu matok (Iskandarwassid, 2016, kc. 171). Wangun prosa salahsijina aya carpon. Dina carpon sok mindeng kapanggih ayana dialog atawa paguneman, boh antar tokoh boh dirina sorangan. Paguneman di antara para palaku mangrupa kalimah atawa omongan langsung ti para palaku anu diucapkeun silihtempas. Lian ti éta, tina carpon, kedaling pragmatik bisa leuwih babari kapanggihna sabab dina awal carpon aya nu disebut candraan (*déskripsi*) anu eusina nerangkeun kaayaan latar (tempat, waktu), suasana, kajadian carita, jeung palaku.

Dina ieu panalungtikan diulik ngeunaan aspék kedaling dina kumpulan carpon *Kasambet*. Ari pangna dipilih kumpulan carpon *Kasambet*, lantaran dina ieu carpon nyampak hal-hal nu bakal ditalungtik. Saperti wujud kedaling pragmatik, wanda kedaling pragmatik, jeung fungsi kedaling pragmatik. Salian ti éta, kumpulan

carpon *Kasambet* loba pisan dialog-dialog nu dipaké ku pangarang. Karya-karya Ahmad Bakri ciri hasna loba ngagunakeun paguneman, salasahijina dina kumpulan carpon kasambet. Contona aya dina salasahiji carpon *Kasambet* saperti omongan di handap.

(1) A: “*uing mah karunya ka si Émén téh,*”

Omongan anu diucapkeun di luhur, ngaindikasikeun wujud wawaran lantaran ngébréhkeun informasi ka pamiarsa. Salian ti éta ngaindikasikeun wanda aspék émosi lantaran ngébréhkeun rasa karunya ka “Émén”. Ari fungsi dina omongan di luhur ka asup kana fungsi eksprésif lantaran omongan na nuduhkeun ma’na karunya ka “Émén”.

Komunikasi nu aya di antara budak jeung babaturan saumuran, kudu ngalibatkeun kontéks omongan. Panyatur jeung pamiasa miboga pangaweruh nu geus dipikanyaho babarengan. Pangaweruh ngeunaan kontéks bisa ngawujudkeun puseur panitén kana interaksi. Aya salasahiji paguneman dina carpon *Kasambet* nu nempokeun pasualan ngeunaan salah persepsi.

Udin : “*Cek Aki Uda mah widadari anu sok bageur téh... mun aya nu sangsara téh sok lungsung ngadon nulungan*”

Émén : “*Muga-muga atuh lungsur poé ayeuna nya euy, nulungan nganteran rujak beubeuk*”

Oténg : “*Moal lungsur widadari nagé*”

Émén : “*Naha?*”

Oténg : “*Sok nulungan sotéh ka nu sangsara cek Jang Udin gé. Pan urang mah henteu.*”

Dina ieu hal, maksud panyatur ka pamiarsa teu katepikeun sabab pamiarsa teu maham kana naon nu ditepikeun dina éta omongan. Maksud omongan panyatur di luhur nyaéta widadari sok nulungan ka nu sangsara, tapi pamiarsa téh nganggap widadari téh nulungan nganteran rujak bebek keur pamiarsa. Ieu hal ngabuktikeun ayana kasalahan nu aya dina tindak tutur nalika teu maliré kontéks tuturan nu ngalantarankeun salahna persepsi, ku kituna ieu hal perlu ditalungtik.

Dina kumpulan carpon kasambet kapanggih makéna basa dina rupa-rupa ragam jeung diksi. Situasi sopan atawa santun kagolong kana panitén utama dina pragmatik (Sudaryat, 2016, kc. 223). Aspék-aspék kedaling raket patalina jeung fungsi komunikasi basa katut komponén-komponénna. Jacobson (dina Sudaryat,

2016, kc. 223) nétélakeun aya genep rupa komponén komunikasi, nyaéta panyatur, pamiarsa, kode, kontak, amanat, jeung kontéks.

Panalungtikan séjén nu aya patalina jeung ieu panalungtikan nyaéta panalungtikan Meganesha (2018) “Polah Ucap Humoris dina Naskah Drama Duriat Bejad Karya Dhipa Galuh Purba” (Tilikan Pragmatik). Éta panalungtikan medar negunaan wanda, prinsip pragmatis sarta maksim, fungsi jeung implikatur dina polah ucapan humoris dina naskah drama Duriat Bejad Karya Dhipa Galuh Purba. Lian ti éta aya ogé “Analisis Fungsi Tindak Tutur dina Naskah Drama Meredong Karya Rosyid E. Abby” (R, Mardian, 2013) Éta panalungtikan medar ngeunaan fungsi polah ucapan nu aya dina naskah drama Meredong Karya Rosyid E. Abby.

Panalungtikan di luhur miboga sasaruan nyaéta medar ngeunaan fungsi kalimah. Bédana jeung panalungtikan anu baris dilaksanakeun nyaéta ieu panalungtikan henteu ngan saukur nganalisis fungsi kalimah wungkul, tapi ogé nganalisis wujud jeung wanda aspé kedaling dina objék nu bédha nyaéta kumpulan carpon *Kasambet* karya Ahmad Bakri. Ku kituna, ieu panalungtikan “Aspé kedaling dina Kumpulan Carpon *Kasambet* Karya Ahmad Bakri” perlu dilakukeun.

## 1.2 Rumusan Masalah

Aspé kedaling anu diulik dina ieu panalungtikan nyaéta patali jeung wujud, wanda, jeung fungsi aspé kedaling dina kumpulan carpon kasambet karya Ahmad Bakri. Wujud aspé kedaling ngawengku wawaran, pananya, paréntah, jeung panyeluk. Wanda aspé kedaling ngawengku aspé sosialisasi, aspé inteléktual, aspé émosi, aspé informasi faktual, aspé moral, jeung aspé ngaréngsékeun masalah. Ari fungsi aspé kedaling ngawengku fungsi komisif, fungsi impositif, fungsi ekspresif, jeung asertif.

Aya sababaraha hal anu kaidentifikasi dina ieu panalungtikan. Contona aya omongan anu ngabalukarkeun salah tafsir lantaran panyatur jeung pamiarsa teu miboga pangaweruh nu geus dipikanyaho babarengan. Pangaweruh ngeunaan kontéks bisa ngawujudkeun puseur panitén kana interaksi

Dumasar tina idéntifikasi masalah, di handap ieu aya sababaraha rumusan masalah nu dipidangkeun dina wangu pananya, nyaéta saperti ieu di handap.

- 1) Kumaha wujud aspék kedaling dina kumpulan carpon *Kasambet* karya Ahmad Bakri?
- 2) Kumaha wanda aspék kedaling dina kumpulan carpon *Kasambet* karya Ahmad Bakri?
- 3) Kumaha fungsi aspék kedaling dina kumpulan carpon *Kasambet* karya Ahmad Bakri?

### **1.3 Tujuan Panalungtikan**

Luyu jeung masalah nu dipedar, ieu panalungtikan miboga tujuan anu baris dihontal, nyaéta tujuan umum jeung tujuan husus.

#### **1.3.1 Tujuan Umum**

Tujuan umum ieu panalungtikan nyaéta pikeun maluruh aspék kedaling dina kumpulan carpon “Kasambet” karya Ahmad Bakri.

#### **1.3.2 Tujuan Husus**

Ieu panalungtikan boga tujuan husus pikeun ngadéskripsikeun tilu hal, nyaéta:

- 1) wujud aspék kedaling dina kupulan carpon *Kasambet*;
- 2) wanda aspék kedaling dina kumpulan carpon *Kasambet*; jeung
- 3) fungsi aspék kedaling dina kumpulan carpon *Kasambet*.

### **1.4 Mangpaat Panalungtikan**

Dumasar tujuan di luhur, ieu panalungtikan miboga mangpaat, nyaéta mangpaat téoritis jeung mangpaat praktis.

#### **1.4.1 Mangpaat Téoritis**

Sacara tioritis ieu panalungtikan bisa méré mangpaat pikeun ngeuyeuban élmu dina cabang paélmuan, pragmatik.

#### **1.4.2 Mangpaat Praktis**

Sacara praktis mangpaat tina ieu panalungtikan, nyaéta, saperti ieu di handap.

- 1) Pikeun guru, hasil ieu panalungtikan bisa dijadikeun référensi pikeun bahan ajar basa Sunda;
- 2) Pikeun siswa, hasil ieu panalungtikan bisa dipaké ngaronjatkeun pangaweruh kabasaan pragmatik jeung;
- 3) Pikeun pangajaran, hasil ieu panalungtikan bisa dijadikeun bahan acuan dasar pikeun bahan pangajaran basa Sunda di sakola, hususna maca.

## 1.5 Raraga Tulisan

Raraga tulisan miboga fungsi pikeun méré gambaran ngeunaan léngkah-léngkah dina panalungtikan. Ieu skripsi disusun jadi lima bab, saperti anu dipedar ieu di handap.

Bab I Bubuka, eusina ngeunaan kasang tukang panalungtikan, jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan anu dibagi jadi tujuan umum jeung tujuan husus, mangpaat panalungtikan anu dibagi jadi mangpaat téoritis jeung mangpaat praktis, jeung tulisan.

Bab II Ulikan téori, panalungtikan saméméhna, jeung Raraga mikir, eusina ngeunaan téori-téori nu ngadadasaran panalungtikan, sarta posisi masalah nu ditalungtik dina widang paélmuan. Ieu bab disebut kajian pustaka, anu eusina panalungtik ngabandingkeun sarta matalikeun masalah nu ditalungtik jeung téori-téori.

Bab III Metode Panalungtikan, eusina ngeunaan métode panalungtikan anu dipaké dina panalungtikan, nyaéta ngawengku desain panalungtikan, sumber data, téknik ngumpulkeun data, instrumen panalungtikan, jeung téhnik ngolah data.

Bab IV Hasil Panalungtikan jeung Pedaran, eusina analisis data jeung medar hasil panalungtikan dumasar kana patalékan anu aya dina rumusan masalah, anu saterusna dipatalikeun jeung téori-téori dina bab II.

Bab V Kacindekan, implikasi, jeung Saran atawa Rékoméndasi. Kacindekan mangrupa jawaban tina daptar pananya nu aya dina rumusan masalah. Saran atawa rékoméndasi ka pihak-pihak anu aya patalina jeung hasil panalungtikan, pikeun ayana lajuning laku keur panalungtikan saterusna.